# Н.ДӘЎҚАРАЕВ ДРАМАТУРГ

**Сейтбекова Зульфия Рейимбек қызы**
Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик университети Дене мәденияты факультетиниң “Ҳаял қызлар спорты” қәнийгелигиниң 2-курс талабасы

## АННОТАЦИЯ

Мақолада таниқли олим Н.Давқараевнинг қорақалпоқ адабиётида драматургия жанрининг ривожланишига қўшган қиссаси ҳақида сўз юритилиши билан бирга ўнинг қаламидан ижод қилинган “Алпамиш” пъесаси чуқур анализ этилган.

**Калит сўзлар:** Адабиёт, драматургия, жанр, мослашиш, халқ, пъеса, достон, театр.

# Н.ДАВКАРАЕВ ДРАМАТУРГ

**Сейтбекова Зульфия Рейимбековна**
Студентка 2-курса факультета Физической культуры Каракалпакского государственного университета им. Бердаха.

## АННОТАЦИЯ

В статье рассматривается рассказ известного ученого Н. Давкараева, внесшего вклад в развитие жанра драматургии в каракалпакской литературе, а также глубоко анализируется написанная им пьеса “Алпамыш”.

**Ключевые слова:** Литература, драматургия, жанр, обработка, фольклор, пьеса, эпос, театр.

# N. DAVKARAEV PLAYWRIGHT

**Seitbekova Zulfiya Reyimbekovna**
2nd year student of the Faculty of Physical Culture of Karakalpak State University named after Berdaha.

## ABSTRACT

The article examines the story of the famous scientist N. Davkarayev, who contributed to the development of the genre of drama in Karakalpak literature, and also deeply analyzes the play “Alpamysh” written by him.

**Keywords:** Literature, drama, genre, adaptation, folklore, play, epic, theater.

Қарақалпақ әдебиятында драматургия жанрының қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўында туўысқан халықлар әдебиятының әхмийети әдеўир үлкен ҳәм сезилерлик болды. Қарақалпақ драматургиясының ирге тасын салыўшылар Қасым Әўезов, Әбдираман Өтепов, Сейфулғабит Мәжитовлар усы тәжрийбеден утымлы пайдаланып қарақалпақ драматургиясына "Тилек жолында", "Теңин тапқан қыз", "Гүман", "Бағдагүл" драмалары менен кирип келди ҳәм раўажландырды, беккемледи. Сондай-ақ кейин ала А.Бегимов, М. Дәрибаевларда өз үлеслерин қосты. Ал, 1942 жылы болса белгили илимпаз Н. Дәўқараев тәрепинен қарақалпақ халқының дәстаны "Алпамыс" дәстаны тийкарында жазылған "Алпамыс" пьесасының театрда қойылыўы үлкен жаңалық болды. Бул қарақалпақ халқының мәдений тарийхында умытылмас из қалдырды, себеби "Алпамы" пьесасы халықлық дөретпе, әсиресе бул Уллы Ўатандарлық урыс жылларындағы мийнеткешлерди рухландырды ҳәм халықлар дослығының беккемлениўине өзиниң үлесин қосты. 1961 жылы пьеса қайта қойылды.

Н.Дәўқараев тәрепинен "Алпамыс" пьесасы урыстан бурынғы жылларыда жазыла баслаған еди, бирақ театр сахнасына қойылмады. 1940 жылы рус тилинде басылған «Возрожденный народ» топламында биринши рет, ал 1958 жылы болса Н.Дәўқараев өзиниң көркем шығармалары топламында, соңынан 1970 жылы жәнеде Н.Дәўкараевтың шығармаларының толық жыйнағының биринши томында толығы менен басылып шықты.

Н.Дәўқараев "Алпамыс" мотивинде жазған пьесасының үстинде көп мийнет иследи. Ол "Алпамыс" драмасында дәстанның идеялық, көркемлик өзгешеликлерин есапқа алып, дәстанды тәкирарламастан оның идеялық бағыты болған урыўларды бириктириў мәселесин ең тийкарғы мәселе етип алып алады. Драмада Алпамыстың тарап кеткен урыўларды бириктириўи, оның атасы менен енесин Тайшыханның азабынан кутқарыўдағы ҳәрекетлери, өзиниң сүйикли яры Баршынды излеп барыўлары өз сүўретлниўин тапқан.

Алпамыс драмасы 4 акттен 8 картинадан турады. Драма көшип баратырған Байсарының елиниң аўҳалы яғный Байсарының зорлығына ушыраған халықтың қарсылығы менен басланады. Автор сондай дәрежеде ўақыяны тәсиршең сүўретлейди бул дәстанда да жоқ, себеби драмада Байсарының елиниң көшиўи, карсылықлары, кең сүўретленген. Драмада қыз-жигитлер ойыны «Айқулаш» орын ийелеген, бунда автор фольклорлық шығарманы фольклор менен байытыўын көремиз.

Мысалы: Жигитлер:- Айқулаш ай қулаш,
Айға қарап қулаш аш.
Кызлар:- Айдан басқа не керек?

Жигитлер:- Айдан артық қыз керек.

Алпамыс дәстанында Байсарының көшиўинен Алпамыс бийхабар болады, ал драмалық шығармада Гүлпаршынның орамалы белги етип бериледи.

Тийкарынан алғанда драматург өзиниң жазыўшылық шеберлиги тийкарында “Алпамыс” образын дөретти, өзиниң ойындағы яғный идеялындағы “Алпамыс” монологин жаратты.

Мысалы: - Байшубарға минемен,
Қуйрық-жалын өремен,
Белиме қамар буўаман,
Нәмарт болсам анадан,
Ул болып неге туўаман.

Драмада сондай-ақ Тайшыхан елиндеги жағдайлар өз орнын ийелеген, яғный дәстанда жоқ Айым образы бериледи. Айым Тайшыханның қызы болып оған Қаражан батыр ашық болады, қыз оған қарсылық билдиреди.

Дәстандағы ўақыялары сақланыў менен бирге тазадан эпизодлар көп қосылған. Мысалы:- Алпамыс мәс алында өлтириў кереклиги ҳаққындағы келисим,Тайшыхан елиндеги атшабыстан кейинги отырыслар,оның тахттан қулаўына Алпамыс пенен Қаражанның қатнасы сөз етиледи.

Н.Дәўқараев драмалық шығармасында жоқарыда келтирип өткенимиздей халық аўыз әдебияты үлгилеринен өнимли пайдаланған. Дәстанда қарақалпақ халық қосықларының үлгилери болған келин келген ўақытта айтылатуғын бет ашар орын ийелеген. Сондай-ақ халық тили байлығынан, халық нақыл-мақал сөзлеринен де шеберлик пенен қолланған.

Драмалық шығарма соңында Алпамыс ата-анасы халқы менен бирге,келин келип қарақалпақ халқының дәстүрлериниң бири сүйинши алыў, бет ашардың болып атырғанлығы менен тамамланады.

Жуўмақластырып айтқанда Н.Дәўқараевтың бул драмалық шығармасы өз қунлылығы, көркем әдебий тил өзгешелиги, байлығы менен баҳаланады.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР: (REFERENCES)

1. Дәўқараев Н. Бердақ шайыр. – Нөкис: ҚҚМБ, 1950. – 50 б.
2. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы, 2-том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. – 355 б.
3. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы, 3-том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1979. – 360 б.
4. Дәўқараев Н. Революцияға шекемги қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери. – Нөкис: ҚҚМБ, 1961. – 208 б.